

Nimewo 159

DEKRÈ EKZEKITIF

ETABLISMAN YON FÒS ENTÈVANSYON KOLEKTIF POU KONBAT EKSPLOWATASYON TRAVAYÈ AK MOVÈZ KLASIFIKASYON TRAVAYÈ YO

KONSIDERAN KE, dè milyon nan travayè New York yo eksplwate atravè pratik travay enjis ki gen ladan yo vòl salè, vanjans, kondisyon travay ki pa pwòp oswa ki pa sekirite, orè pwogram travay ki pa stab oswa ki pa't planifye, ak dediksyon ilegal pou ekipman, fòmasyon oswa inifòm; epi

KONSIDERAN KE, yon kantite travayè nan New York ki ap ogmante chak jou, ki te mal klase kòm moun yo te anboche kòm "Travayè Endepandan", menm lòske yo ta dwe legalman klase travayè sa yo kòm "anplwaye yo" (ki apati de la e an aprè refere kòm "movèz klasifikasyon anlwaye"); epi

KONSIDERAN KE, eksplwatasyon travayè yo ak movèz klasifikasyon anlwaye yo prive travayè vilnerab yo de pwoteksyon ak benefis yo ke yo genyen legalman, epi afekte yon fason negatif sante ak byennèt travayè yo ak fanmi yo nan diminye abilite yo pou ya sipòte depans kay, manje, ak lòt nesosite bazik yo; epi

KONSIDERAN KE, eksplwatasyon travayè yo ak movèz klasifikasyon anlwaye yo bay anlwayè chalatan yo yon avantaj malonèt enpòtan sou sila yo ki obeyi lalwa, epi tou prive Leta a de kòb revni pandan l'ap ogmante demand pou pèman sèvis sosyal yo; epi

KONSIDERAN KE, se politik Leta sa pou li pwomouvwa lajistis, konbat diskriminasyon, epi pwoteje bonè tout Nouyòkè yo; epi

KONSIDERAN KE, Leta New York gen yon istwa long nan konbat vòl salè ak pratik travay ki enjis yo ki prive travayè yo de salè yo ke yo te fè nan travay di anpil, epi refize ba yo pwoteksyon fondamantal ke lalwa te ba yo; epi

KONSIDERAN KE, jou 5 Septanm 2007 lan, Dekrè Ekzekitif Nimerò 17 lan te etabli yon Fòs Entèvansyon Ranfòsman Kolektif (ki apati de la e an aprè refere kòm "JETF") pou devlope strateji yo pou envestige sistematikman tout movèz klasifikasyon anlwaye yo, epi fasilite pouswiv lajistis anlwayè chalatan yo; epi

KONSIDERAN KE, nan mwa Me 2015, mwen te lanse Fòs Entèvansyon Ranfòsman plizyè ajans pou Endistri Salon Maniki ak Pediki an pou evite pratik ilegal yo ak kondisyon travay ki pa sekirite nan salon maniki ak pediki yo, rekipere salè ki pa peye yo, fèmèn biznis ki pa gen lisans yo ak biznis ki pa an règ ak lwa leta yo, epi ranfòse règleman sante ak sekirite New York yo; epi

KONSIDERAN KE, nan mwa Jiyè 2015, mwen te etabli Fòs Entèvansyon Travayè ki Eksplwate yo pou idantifye epi mete fen nan pratik ilegal nan lòt endistri adisyonèl atravè leta a yo, ki te kondwi a yon ogmantasyon nan rekiperasyon salè yo; epi

KONSIDERAN KE, jefò yo pou abòde pwoblèm eksplwatasyon travayè yo ak movèz klasifikasyon anplwaye yo mande pou anpil ajans leta travay an kolaborasyon pou ede travayè ki eksplwate yo, pou swiv lajistis anplwayè abizif yo, epi mete fen nan pratik travay ilegal yo; epi

KONSIDERAN KE, kreyasyon fòs entèvansyon kolektif lan te pwouve ke li se yon mekanism efikas pou kowòdone jefò ajans yo pou mete fen nan eksplwatasyon travayè yo, epi asire ke anplwayè yo an règ ak tout lwa, règ, ak règleman ki aplikab yo; epi

A PREZAN, AN KONSEKANS, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York te ban mwen, òdone sa ki pral mansayone an aprè yo:

1. Nou etabli a prezan Fòs Entèvansyon Kolektif pou Movèz Klasifikasyon Anplwaye yo ak Eksplwatasyon Travayè yo (ki apati de la e an aprè refere kòm “Fòs Entèvansyon Kolektif”)
2. Misyon ak otorite ak devwa JETF yo, Fòs Entèvansyon Salon Maniki ak Pediki an, ansanm ak Fòs Entèvansyon Travayè ki Eksplwate yo pral entegre tout ansanm nan Fòs Entèvansyon Kolektif lan.
3. Fòs Entèvansyon Kolektif lan konsite de Depatman Agrikilti ak Mache yo, Depatman Sante, Depatman Travay, Depatman Leta, Depatman Enpo ak Finans, Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi yo, Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl, Biwo Sèvis Devlopman Kominote ki Baze sou Lafwa, Divizyon Dwa Zimen, Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Otorite Likè Leta, Lapolis Leta, Direksyon Konpansasyon Travayè yo, ansanm ak nenpòt lòt ajans ak otorite ki nesèsè oubyen apwopriye pou kontinye misyon Fòs Entèvansyon Kolektif la. (kolektivman, “Manm Fòs Entèvansyon Kolektif” lan yo).
4. Fòs Entèvansyon Kolektif lan dwe etabli kòm yon kò pèmanan ki gen otorite ak devwa pou:
 - a. Fasilite pataj enfòmasyon ant Manm Fòs Entèvansyon Kolektif lan yo, ki gen rapò avèk vyolasyon sispèk movèz klasifikasyon anplwaye yo ak eksplwatasyon travayè yo, nan yon fason rapid;
 - b. etabli pwotokòl yo pou referans ajans yo, epi etabli pwosedi yo pou refere ka yo bay otorite pwosekisyon lajistis yo, jan sa apwopriye;
 - c. travay an kolaborasyon ak òganizasyon travay ak kominote a yo, biznis ak katèl biznis yo, ansanm ak lòt gwoup avoka yo: (1) chèche epi devlope nouvo metòd yo pou fè prevansyon, deteksyon, ansanm ak konbat movèz klasifikasyon anplwaye yo ak eksplwatasyon travayè yo, (2) ranfòse oubyen amelyore mekanism yo pou idantifye epi repòte tout instans sila yo ki enplike nan movèz klasifikasyon anplwaye yo ak eksplwatasyon travayè yo, epi (3) resevwa enfòmasyon sou bezwen edikatif yo oubyen opòtinite pou konfòmite;
 - d. evalye epi amelyore metòd investigasyon ki ekziste yo epi poze aksyon ranfòsman, sa enkli tou devlopman estrateji yo pou investige sistematikman tout endistri sila yo kote movèz klasifikasyon anplwaye yo ak eksplwatasyon travayè yo pi kouran;
 - e. fasilite idantifikasyon chalatan potansyèl yo, epi ranpli yon fòmilè plent, sa enkli tou mande referans ak lòt enfòmasyon ki enpòtan pou piblik lan atravè diferan metòd yo, sa gen ladan yo tou men pa limite sèlman a liy telefòn dirèk, mekanism mesaj tèks, ak yon sit entènèt pou Fòs Entèvansyon Kolektif lan;
 - f. redouble atansyon piblik lan apwopo ilegalite ak danje ki ka genyen akòz movèz klasifikasyon anplwaye yo ak eksplwatasyon travayè yo atravè jefò kanpay edikatif yo;
 - g. travay an kolaborasyon ak ajans federal, lokal, ak sèvis sosyal yo pou bay asistans rapid ba popilasyon ki vilnerab yo ki pa t byen klase et ki te eksplwate yo; epi

- h. idantifye règleman potansyèl, jiridik, bidjetè, administratif, oubyen tout lòt aksyon yo ki ka rafèmi jefò ranfòsman ak edikasyon yo, sa gen ladan'l tou pou klarifye nenpòt anbigwite ak enkonsistans ki genyen nan pwosedi legal yo.
5. Fòs Entèkansyon Kolektif lan kapab òganize seminè pou jwenn prèv atravè tout eta a pou ka aprann sou pwoblèm etablisman travay yo ke travayè ak reprezantan biznis yo ap fè fas nan divès endistri yo.
6. Chak ajans, depatman, biwo, divizyon, oswa otorite piblik Leta a dwe kolabore avèk Fòs Entèkansyon Kolektif an, epi yo dwe bay enfòmasyon ak asistans jan Fòs Entèkansyon Kolektif lan detèmine kòm nesèsè e rezonab pou reyalize objektif li yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Leta a nan Vil

Albany, nan ventyèm jou nan mwa Jiyè

nan lane de mil sèz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a